# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 जनवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस सरकार यूपी पुलिस अउर पीएसी कांस्टेबल भरती के आवेदन बदे अधिकतम उमिरि सीमा में तीनि सालि क छूट दिहले क फैसिला कइले हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये एकर पुस्टि कइले हवें। मुख्यमंत्री कहले हवें कि आरक्षी नागरिक पुलिस अउर समकक्ष पदन पर सीधी भरती–दुइ हजार पचीस में तय कइल गइल अधिकतम उमिरि सीमा में सज्जो वर्ग के अभ्यर्थियन बदे तीनि सालि क छूट दीहल गइले क फैसिला कइल गइल हौ। हमरे संवाददाता बतवलें कि सीधी भरती–दुइ हजार पचीस में कुलि बत्तीस हजार छौ सौ ओन्यासी पदन पर भरती कइल जाई। येह पदन खातिर भरती प्रक्रिया में हिस्सा लेवे वाले सज्जो श्रेणी क ओम्मेदवारन के एक बेरि उमिरि में छूट दीहल जाई।

**********

भारत चीन के पाछे छोड़त दुनिया क सबसे बड़हन धान उत्पादक देस बनले क गौरव हासिल कइले हौ। केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान काल्हि नई दिल्ली में ई घोसणा कइलें।

**चावल के उत्पादन में भारत ने चीन को पीछे छोड़ दिया है। हम नंबर वन बन गए। इस साल हमारा उत्पादन 150.18 मिलियन टन और चीन का 145.28 मिलियन टन। ये चीन को पीछे छोड़ना, एक असाधारण उपलब्धि है। हमारी खाद्य सुरक्षा सुनिश्चित करके, हमने अन्न के भंडार भर दिए हैं।**

श्री चौहान कहलें कि बेसी उपज वाली फसलिनि के विकास में देस के बड़हन सफलता मिलल बा। उहां के अधिकारियन के ई सुनिस्चित करे क निरदेस दिहलीं कि ई नया प्रजाति जल्दी से जल्दी किसानन ले पहुंचे। कृषि मंत्री कहलें कि एहसे किसानन क बेसी उपज आ बढ़ियां गुणवत्ता वाली फसिलि पवले में मददि मिली।

**********

श्रीराम मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेंद्र मिश्र बतवले हवें कि अजोध्या में श्रीराम मंदिर निर्माण के साथे–साथे स्वास्थ्य सुविधा के आधुनिक आ मजबूत बनावल जा रहल हौ। येही क्रम में श्रीराम मंदिर अस्पतालो अपग्रेड कइल जा रहल बा, जेहसे ओइजा के लोगिन आ दूर–दराज से आवे वाले सरधालुअन के बढ़ियां चिकित्सा सुविधा मिलि सके। उहां के बतवलीं कि अजोध्या में तीनि सौ बेड क सरकारी अस्पताल के निरमाण क योजनो तेजी से आगे बढ़ावल जा रहल हौ। ओकर निरमाण कार जल्दिये सुरू कइ दिहल जाई। उहां के ईहो बतवलीं कि निजियो क्षेत्र में स्वास्थ्य सेवा के बिस्तार क तइयारी बा।

**********

प्रदेस के सज्जो जिलन के तहसीलिनि में आजु सम्पूर्ण समाधान दिवस क आयोजन कइल गइल। येह दौरान जिलाधिकारी के निरदेस पर सज्जो विभाग क अधिकारी लोगिन क समेस्या सुनलें आ ओकरे समाधान क कोसिस कइले। कुछु जगहिनि पर समेस्या के समाधान खातिर जिलाधिकारियो मौजूद रहलें। लखनऊ के मोहनलालगंज तहसीलि में ओइजा के जिलाधिकारी विशाख समाधान दिवस के मौका पर जनसुनवाई कइलें। रायबरेली के लालगंज तहसीलि में जन सुनवाई बदे जिलाधिकारी हर्षिता माथुर आ पुलिस अधीक्षक यशवीर सिंह मौजूद रहलें। जौनपुर के मडियाहूं में उप जिलाधिकारी नवीन कुमार लोगिन क समेस्या सुनलें।

**********

बरिस दुइ हजार पचीस देस के विकास जतरा में खास अध्याय साबित भइल हौ। येह दौरान नीति प्रगति में आ संकल्प परभाव में बदलल बा। खास श्रृंखला सुधारन के बरिस में आजु हमनी प्रस्तुत कइ रहल हईं ऊर्जा क्षेत्र में पछिला बरिस भइल प्रगति।

**2025 में बिजली, परमाणु ऊर्जा, स्वच्छ ऊर्जा परिवर्तन और रणनीतिक खनिजों से जुड़े लंबे समय से लम्बित सुधारों को जमीन पर लागू किया गया। 2025 में शांति विधेयक के पारित होने के साथ ही भारत के नागरिक परमाणु ऊर्जा क्षेत्र में दशकों से चली आ रही रुकावट समाप्त हुई। देश के बिजली क्षेत्र को मजबूत करने के लिए, बिजली संशोधन विधेयक–2025 लाया गया, जिसमें बिजली वितरण में प्रतिस्पर्धा नेटवर्क के आधुनिकरण और वित्तीय अनुशासन पर जोर दिया गया। नवीकरणीय ऊर्जा के क्षेत्र में भी 2025 में भारत की वैश्विक नेतृत्व की भूमिका और मजबूत हुई। बड़े सौर पार्कों और पवन ऊर्जा परियोजनाओं से लेकर पी.एम. सूर्य घर योजना और किसानों के लिए पी.एम. कुसुम योजना तक स्वच्छ ऊर्जा का विस्तार घरों, खेतों और उद्योगों तक पहुंचा। सौम्या शरण के साथ अक्षित वैद्यान, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

योग गुरु परमहंस योगानंद क एक सौ तैंतीसवीं जयंती पर आजु गोरखपुर में प्रभातफेरी निकारल गइल। येह मौका पर गोरखपुर सहर में उनकर जनम वाली जगहि पर एगो पुस्पांजलि कार्यक्रमो क आयोजन कइल गइल।

**********

प्रदेस के सज्जो पूरबी जिलन में कड़ेर ठंडी परले क सिलसिला जारी हौ। कई जगहिनि पर कुहेसा के नाते दृस्यता कम रेकार्ड भइल, एहकर सड़कि, रेलि अउर हवाई जतरो पर प्रतिकूल असर परल बा। ट्रेन देरी से चलि रहलि हइनि आ हवाई जहाजि क उड़ान परभावित भइल हौ। ओहर मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में सात जनौरी ले कुछु जगहिनि पर घना से ले के ढेरे घना कुहेसा परले क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हौ। विभाग के मोताबिक येह समय मौसम सुस्क रही। विभाग अधिकतम आ न्यूनतम तापमान में गिरावट क पूर्वानुमान जतवले हौ। ठंडी आ कुहेसा के नाते प्रदेस के कई जिलन के स्कूलन क छुट्टी बढ़ा दिहल गइल बा।

**********